

Umugambi wa Carolina y'Ubuseruko ujejwe
kwitaho impinja n'imicuko
Agatabo k'umuvyeyi




Impanuro ku bijanye n'umugambi ujejwe
kwitaho impinja n'imicuko kuri wewe
hamwe no k'umwana wawe

Umugambi wa Carolina y'Ubuseruko ujejwe kwitaho impinja n'amicuko usigura iki?

Buri muryango urashaka ko umwana wawo akura kandi akiga gushika aho ubushobozi bwiwe bugarukira. Kugira impungenge ku vyerekeye iterambere ry'umwana wawe birashobora kuba ari bishasha kuri wewe kandi ibi birashobora gusa nk'ibigutera ubwoba. Hazoba abantu bashasha bahura hamwe n'amajambo mashasha n'ibindi ategerezwa gutahura, ariko nturi wenyene. Ni nkenerwa kwibuka ko hari ubufasha bwashizweho ngo bufashe kugira ivyo vyose bigende neza ku mwana wawe hamwe n'umuryango. Kuja mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko ni ku bushake. Abavyeyi barashobora guhitamwo kubandanya kubushake bwabo, guhagarika kwemeza ukwemererwa, canke kuva mu mugambi igihe ico arico cose.

Itegeko rya Disabilities Education Act (IDEA) ni itegeko rya reta zunze ubumwe rifasha guteza imbere ibikorwa vyo kwitaho hamwe n'inyigisho ku bana bakiri bato. Agace ka C k'itegeko rya IDEA karizeza neza ko ibikorwa vyo kwitaho abana hamwe n'ubufasha bihari ku mpinja n'amicuko igendana ubumuga, bakivuka gushika ku myaka itatu, hamwe n'imiryango yabo. Muri Carolina y'ubuseruko, agace ka C k'itegeko rya IDEA kitwara umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko. Umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko ni uburyo bw'ubufasha bwahujwe ku miryango kugira bigufashe gushika ku vyankenerwa kw'iterambere ry'umwana wawe. Ishirahamwe riyoboye umugambi wa Carolina y'ubuseruko ujejwe kwitaho impinja n'amicuko (NC ITP) ni igice c'igisata kijejwe ukubaho neza kw'Abana n'Umuryango. Ku rwego rukwegereye amashami ajejwe kwitaho iterambere ry'abana (CDSA) akora, agakurikirana kandi akagenzura imigambi hamwe n'ibikorwa vy'ishirahamwe rijejwe kwitaho impinja n'amicuko. Hari amashami ya (CDSA) 16 hira no hino muri reta atanga ibikorwa akongera akagenzura ibikorwa vy'ishirahamwe rijejwe kwitaho impinja n'amicuko. Amashami ya CDSA afasha uturere twose 100 twa Carolina mu karere kamwe canke twinshi duhurijwe hamwe.



*Ivyizigiro n'indoto ku bana ubisanga mu mitima y'imiryango yabo.
Umuryango urashira umwanya utari muto mu
buzima, ibishobisho, hamwe n'uburyo bw'amafaranga.
Ibikorwa vyo kwitaho abana birafasha imiryango kugira ngo izo ndoto zihinduke ukuri.*

Ni ibihe bintu bikuru mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko?

Imiryango irazi kandi iratahura ivyo abana bayo bakeneye kurusha uwundi muntu uwo ariwe wese. Umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko uraha agaciro kandi ukazirikana akamaro k'umuryango nk'urufunguruzo rwo gushika ku ntumbero yo kwitaho umwana. Kubera iyo nvo, umuryango ni nkenerwa ko uba umufatanyabikorwa w'ukuri n'abagize umugwi wo kwitaho umwana wawe. Abana bafashwa neza bari mu miryango, kandi umurya ufashwa neza uri mu kibano. Ibikorwa vyo kwitabwaho biberanye n'ubuzima bwa buri musibiba bifise amahirwe yo kuguha umwimbu ushaka ku mwana n'umuryango wawe.

- *Umwana ategerezwa kubonwa nk'umwana ubwa mbere na mbere, aho kubonwa ubwa mbere na mbere nk'umwana akeneye "ubufasha bwihariye".*
- *Nk'uko abana n'imiryango bakura bagatera imbere, ubufasha hamwe n'ibikorwa bitegerezwa navyo guhinduka kugira bishike ku ntumbero y'ivya nkenerwa hamwe n'amahitamwo.*
- *Ibikorwa vyo kwitabwaho bigira akamaro kurushaho iyo imiryango ifashijwe gushika ku vya nkenerwa vy'umwana mu ntumbero yubahiriza ibikorwa bwite vy'umuryango n'uburyo ubaye buri musib.*
- *Abana bagendana ubumuga bafashwa neza mu bigo bisanzwe bikoreshwa n'abana bose.*
- *Ivyo umuryango wemera hamwe n'akaranga ni nkenerwa kandi bitegerezwa kwubahirizwa, nk'umuco (idini, ubwoko, hamwe n'akabira) kahise k'umuryango.*
- *Ugukorera hamwe hagati y'imiryango hwamwe n'abajejwe ibikorwa ni nkenerwa mu gutegura ibikorwa vyo gushigikira no kwitaho abana.*

Ni nde yemerewe kuronswa ibikorwa vy'umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko?

Umwana wawe n'umuryango wawe barashobora kuronswa ubufasha bw'umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko hamwe n'ibikorwa mu gihe umwana wawe ataruzuzwa imyaka itatu kandi umwana wawe yujuje ibisabwa muri umwe mu migwi ibiri yemerewe yasiguwe hefpo.

Umugwi wa I. Abafise ingorane zo guteba gukura

Intambwe impinja n'amicuko icamwo zigizwe n'ubuhinga butandukanye, nko kugenda no kuvuga. Ubu buhinga, canke intambwe z'iterambere, akenshi babushikako ku myaka runaka. Abana benshi bashika kuri ubwo buhinga mu buryo bushobora gutegekanwa. Batangura kwavura imbere yo kugenda, batangura gutunga urutoki imbere y'uko bakubwira ico bashaka. Ariko, ni nkenerwa kwibuka ko buri mwana atera imbere mu buryo bwiwe ku muvuduko wiwe.

Umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko ufata ko umwana afise ingorane zo gukura mu gihe ari inyuma y'abandi bana mu buryo buboneka kandi banganya imyaka mu gice kimwe canke vyinshi mu bikurikira:

- *Gukura mu bwenge-ubuhinga bwo kwiyunvira hamwe no kwiga*
- *Gukura ku mubiri- kugendagenda, kubona, kwunva hamwe n'amagara*
- *Gukura mu guhanahana amakuru- gutahura hamwe no gukoresha amajwi, ibimenyetso, hamwe n'amajambo*
- *Gutera imbere mu bijanye n'ibishobisho mu kibano-kwitabira hamwe no guteza imbere ubucuti n'abandi*
- *Gukura mu bijanye no kumenyera-Kwiyitaho we ubwiwe iyo ariko arakora ibintu nko gufungura canke kwambara*

Iterambere ry'umwana rizogenzurwa biciye mu nzira zitandukanye harimwo kwihweza, icegeranyo c'umuvyeyi, hamwe n'amasuzuma n'amagenzura bikozwe n'abahinga bigiye ibijanye n'iterambere ry'umwana. Amasuzuma n'amagenzura akorwa hitawe ku ngorane buri mwana afise kugira hatorerwe inyishu ivya nkenerwa vyihariye akeneye hamwe n'impungenge z'umwana n'umuryango wawe.

Umugwi wa II: Ingorane yavukanye

Umwana afatwa nk'uwufise ingorane yavukanye mu gihe uwo mwana bamusanganye ingorane ku mubiri canke mu mutwe iteza ivyago vyinshi vyo guteba gukura. Mu turorero harimwo ingorane zimwe na zimwe z'uturamangingo tudakora naza, udutsi tudakora neza, kuvuka hakibura igihe kinini, kutabona neza, kutunva canke ingorane y'inyifato mu kibano.

(Insiguro zatanzwe haruguru ni incamake si insiguro mu buryo bwuzuye bw'imigwi yemerewe. Urashobora kuronka ayandi makuru mu kubaza umuhuzabikorwa wawe ajejwe ibikorwa vyo kwitaho abana ku biro vya CDSA canke ku rubuga rwa www.ncdhhs.gov/itp-beearly.)



Ni gute bemeza ko umwana wanje yemerewe?

Iyo umwana wawe arungitswe kuri NC ITP, ukwemererwa birashobora kwemezwa mu buryo bubiri:

1. Amakuru y'ubuvuzi bw'umwana canke ayandi makuru arashobora gukoreshwa mu kwemeza ukwemererwa (hatabayeho gukora isuzuma ry'umwana) iyo ayo makuru yerekana ko umwana wawe afise ingorane yo gukura canke ingorane yavukanye ishobora gutuma yuzuzwa ibisabwa na reta mu kwemererwa.
2. Mu gihe ukwemererwa kw'umwana wawe kudashobora kwerekanwa biciye mw'isuzuma ry'amakuru y'ubuvuzi canke ayandi makuru, isuzuma rizokorwa kugira hemezwe ukwemererwa kw'umwana wawe mu mugambi.

Amasuzuma akorwa n'abahinga bavyigiyeye kandi aba arimwo abahinga babiri canke barenga bafise ubumenyi butandukanye canke bigiye ibintu bitandukanye. Mu gukora isuzuma, uburyo bumwe ntibushobora gukoreshwa mu kwerekana ukwemererwa kw'umwana. Ariko, ukwemererwa kw'umwana wawe kuzoba kurimwo ibikurikira:

- Kumuha igikoresho c'isuzuma.
- Kuyaga n'umuyeyi (abavyeyi) kugira baronke amakuru ya kahise y'ubuvuzi n'ugukura kw'umwana.
- Kumenya ugwego umwana wawe ariko mu bijanye no gukura mu bwenge, mu guhanahana amakuru, ibishobosho mu kibano, kumenyera ibikorwa, hamwe no gukura ku mubiri harimwo no kubona no kwunva.
- Kwegeranya amakuru avuye mu yandi masoko y'amakuru nko mu bandi bajejwe kumwitaho hamwe n'abaganga, mu gihe bikenewe, gutahura neza inkomezi zihariye zose umwana wawe afise hamwe n'ivyo akeneye, hamwe no gusuzuma amakuru yo kwa muganga, ay'indero hamwe n'ayandi.

Igenzura ry'umwana hamwe n'igenzura rikorerwa umuryango birakorwa ku bana bose bemerewe imbere y'uko hakorwa integuro y'ibikorwa bibereye umuryango (IFSP). Hari amakuru menshi yerekeye IFSP mu mpera z'aka gatabo. Aya magenzura akorwa kugira bamenye inkomezi zihariye umwana wawe afise hamwe n'ivyo akeneye n'ibikorwa vyo kumwitaho bimubereye kugira hashikwe kuri iyo ntumbere y'ivya nkenerwa hamwe n'ubushobozi bw'umuryango wawe, ivyihutirwa kurusha ibindi, hamwe n'impungenge ku bijanye no guteza imbere ugukura neza kw'umwana wawe.

Umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho abana bisigura iki?

Umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho abana niwe muvugana cane mu mugambi ujejwe kwitaho abana n'anicuko wa Carolina y'ubuseruko. Umuhuzabikorwa azokorana nawe mu kurondera ubufasha hamwe n'ibikorwa kugita hashikwe kuvyo umwana n'umuryango wawe bakeneye. Imiryango myinshi itangura gukorana n'umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho abana kuva umwana wabo arungitswe mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'anicuko. Amategeko ya reta zunze ubumwe asaba ko abana n'imiryango bafashawo n'umugambi ujejwe kwitaho impinja n'anicuko bagira umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho abana.

Umuhuzabikorwa wawe ajejwe kwitaho abana (EISC) arashobora kugufasha:

- *Gutahura uburenganzira bwawe hisunzwe umugambi wo kwitaho impinja n'amicuko wa NC ITP*
- *Gufata ingingo ku vyerekeye ivya nkenerwa vy'umwana, amahitamwo yawe yo gufashwa hamwe n'ibikorwa, hamwe n'uburyo bwo kuronka ubwo bufasha hamwe n'ibikorwa.*
- *Kurondera ubufasha hamwe n'ibikorwa nk'uko biri mu nteguro y'ibikorwa bibereye umuryango (IFSP) hamwe no kwizera itangwa hamwe n'ubwiza bw'ivyo bikorwa.*
- *Kurondera inyishu z'ibibazo ufise ku vyerekeye umwana wawe.*
- *Kuyaga n'abandi bahinga begwa n'ingorane y'umwana wawe hamwe n'umuryango wawe.*
- *Gufata ingingo ku bufasha hamwe n'amakuru ushaka, urugero rw'ayo ushaka, hamwe n'uburyo ushaka kuyaronkamwo.*
- *Kurondera abandi bashobora gufasha umwana n'umuryango wawe.*
- *Gutegura igihe ibintu bikwiriye gukorwa hamwe no kwemeza uwutegerezwa kubikora.*
- *Gutegura impinduka mu bikorwa mu kuyaga ku mahitamwo ahari, kugendera imigambi mishasha, hamwe no gukora integuro yo gutegura buri muntu ku mpinduka, harimwo n'integuro yo gusohoka mu bikorwa mu gihe umwana wawe yujuje imyaka itatu y'amavuko.*
- *Gutatura amatati ayo ariyo yose hagati yawe n'umugwi ujejwe kwitaho umwana wawe nko kuvyerekeye ibikorwa, ubwoko bw'ibikorwa, hamwe n'amafaranga agenewe ibikorwa.*

Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango isigura iki (IFSP)?

Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango, canke IFSP, ni integuro yanditse y'umuryango wawe y'umugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko. Irerekana uko wewe n'umugwi wawe urungika ubutabazi bwihuse muzokorana kugira ngo mutore inyishu ivya nkenerwa vyerekanwe k'umwana wawe n'umuryango. Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP ishingiyeye ku muryango. Ibi bisigura ko uzoba uri umwe mubagize umugwi kandi ukaba nk'urufunguruzo mu bijanye no gufata ingingo ku nteguro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP.

Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP ishingiyeye ku makuru yavuye mw'isuzuma ry'umwana wawe hamwe n'impungenge, abashobora gufasha, hamwe n'ivyihutirwa umaze kubona. Nk'urupapuro rukwereka inzira canke urupapuro rukuyobora ku rugendo, Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP irakwereka aho uriko uraja (ibizova mu gikorwa co kwitaho umwana n'umuryango hamwe n'ihangiro) ukugene n'igihe utegerezwa kuhashika (ibikorwa n'ikirangamisi categekenijwe), hamwe n'uko muzoba muriko murajana ngo agushigikire (uwujwe ibikorwa, umuryango, abagenzi, hamwe/canke ubundi bufasha bwo kibano).

Umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho abana ategerezwa kugusigurira ivyerekeye integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP. Ategerezwa kwizera neza ko integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP yanditse kandi izokwishura ikibazo ico arico cose ufise.

Igikumu cawe ku nteguro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP yerekana ko ukwitabirakwawe hamwe n'amasezerano yawe kuri iyi nteguro. Ariko, umu gihe utemera vyose canke igice c'ibiri mu nteguro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP, urafise uburenganzira bwo gusangiza impungenge zawe hanyuma ugasaba ko bihinduka. Urashobora kwemera canke kwanka igikorwa ico arico cose canke vyose mu bikorwa wagenewe. Urashobora guhagarika igikorwa umwanya uwo ariwo wose ushatse. Ikopi y'integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP utegerezwa kuyihabwa inyuma y'uko imaze kwuzuzwa kandi igaterwako igikumu.

Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP irihwezwa buri mezi atandatu. Ariko, ivyo ukeneye hamwe n'abashobora kugufasha birashobora guhinduka kenshi. Urashobora gusaba isubigwamwo canke kwihweza integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP igihe ico arico cose.

Ni bande bazoba bari mu gutegura integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP?

Wewe hamwe n'umugwi ujejwe integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP muzokorana mu gutegura integuro hamwe no mu kwunvikana ku bikorwa hamwe n'ubufasha bizofasha neza gushika ku ntumbero y'ibikenewe ku mwana wawe kandi bitabangamiye ukubaho kwa buri musu kw'umuryango wawe. Abantu bategerezwa gushirwamwo ni:

- *Wewe (wenyene canke abavyeyi bese, abarezi, umuyeyi mu buryo bw'igihe gito canke abavyeyi bamuyariwe n'uwundi)*
- *Umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho abana*
- *Abagize umugwi ujejwe isuzuma*
- *nk'uko bibereye, abajejwe ibikorwa vyo kwitaho umwana kuri wewe hamwe n'umwana*

Urashobora gutumira abandi bantu kugira baze mu mnteguro y'ibikorwa bibereye umuryango, nk'abandi bantu mu bagize umuryango canke umu avoka canke umuntu wo hanze y'umuryango wawe.

Ni ibihe bikorwa bishobora kuboneka ku mwana wanje n'umuryango wanjye?

Ubufasha butandukanye hamwe n'ibikorwa biraboneka biciye mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'anicuko. Bimwe ni ibikorwa vyasabwe. Ibi bisigura ko umugambi ujejwe kwitaho impinja n'anicuko utegerezwa kubitunganya mu gihe vyashizwe mu nteguro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP yawe.

Mu bikorwa vyasabwe harimwo:

Ibikoresho vy'ubuhinga vyo kumufasha hamwe n'ibikorwa
Ibikorwa vyo gupima ukwunva kw'amatwi
Inyigisho ku muryango, kugirwa inama, hamwe no
kugenderwa imuhira
Ibikorwa vy'amagara
Ibikorwa vy'ubuvuzi
Ibikorwa vy'ubuforoma
Ibikorwa vy'ugufungura
Kumumenyereza ibikorwa vya buri musu
Ubufuzi bwo ku mubiri
Ibikorwa bijanye n'ingwara zo mu mutwe

Ibikorwa bijanye no guhuza ibikorwa
Kuyaga hakoreshejwe ibimenyetso hamwe
n'ururimi rwasabwe
Ibikorwa vyo gusubirira
Ibikorwa kugirwa inama mu kibano
Amabwirizwa yihariye/ Ibikorwa bishingiye ku
gufashirizwa mu kibano (CBRS)
Ibikorwa bijanye no kumwigisha kuvuga no
kumenya ingorane afise
Ukwiyunguruzwa n'ikiguzi bijanye
Ibikorwa vyo kumufasha kubona

N'ibindi bikorwa bishobora gushirwa ku rutonde rw'integuro y'inyigisho zibereye umuryango IFSP ariko bidasabwa n'amategeko gutangwa na NC ITP. Umuhuzabikorwa vyo kwitabwaho vyawe arashobora kugufasha kumenya no gushika aho ivyo bikorwa biri. Uturorero tw'ibindi bikorwa rimwe narimwe bisabwa ni:

- *kwitaho umwana*
- *Kugendera umwana neza*
- *Ubujanama ku bijanye n'uturemangingo*
- *Umugambi wa WIC (Women, Infants, and Children)*

Uburenganzira bw'umuryango wawe


Urasabwa kwisunga ibiri mu gatabo k' "imenyeshya ry'uburenganzira bw'umwana n'umuryango", kavuga uburenganzira bwawe, kandi kagasigura ko utegerezwa kumenyeshwa amategeko yihariye akingira uburenganzira bwawe n'ubw'umwana wawe hisunzwe umugambi ujejwe kwitaho impinja n'anicuko. Aya mategeko abakingira akizeza ko muri nk'urufunguruzo mu gufata ingingo kandi ko amashirahamwe ajejwe kwitaho abana azokurikiza amategeko yagenwe.

Integuro yo gusohoka isigura iki?

Umuryango wawe urashobora kwishimira ubufasha hamwe n'ibikorwa wewe hamwe n'umwana wawe muronswa biciye mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'imiru. Mu gihe umwana wawe ariko aregereza imyaka itatu, biragoye kwibaza ivyerekeye impinduka canke gusohoka mu mugambi. Integuro yo gusohoka mu mugambi ni igikorwa kibandanya kandi kiba mu buryo bwishya butandukanye, nko mu kubicisha mu biyago hamwe n'inama zitegekanwa. Umuhuzabikorwa ajejwe kwitaho umwana azokuyobora mu gikorwa co gusohoka mu mugambi kandi azofasha mu gutegura integuro yanditse yo gusohoka mu mugambi izoshirwa mu nteguho y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP yawe.

Mu bikorwa vyo gutegura gusohoka mu mugambi harimwo:

- *Ikiyago hamwe no kwegeranya amakuru yerekeye amahitamwo y'inyigisho zibereye umwana muri kazozo, ibikorwa, hamwe n'ubufasha mu kibano.*
- *Gufasha mu kugeutegura wewe n'umwana wawe ku mpinduka mu bikorwa.*
- *Gutanga amakuru yerekeye umwana wawe (nk'ivyegeranyo vy'isuzuma hamwe n'igenzura, ninteguro z'ibikorwa bibereye umuryango IFSPs), hamwe n'uruhusha rwawe rwanditse, ku bandi bajejwe ibikorwa.*



Intambwe ku yindi mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko

Incamake y'intambwe umuryango wawe ushobora gutera mu gihe uri mu mugambi wo kwitaho impinja n'amicuko.

Intambwe
za mbere:
Gu tangura



1. Kumurungika

- Umuntu uwo ariwe wese, harimwo umuyeyi, aragira impungenge ku vyerekeye kurungika umwana kw'ishirahamwe rijejwe kwitaho impinja n'amicuko.
- Kumurungika ahandi birashobora gukorwa biciye kuri terefone, fax, mu buryo bwanditse, canke imbona nkubone kw'ishirahamwe rikwegereye rya Children's Developmental Services Agency CDSA.
- Iyo ikete ryo kumurungika ryakiriwe, umuhuzabikorwa w'ishirahamwe rijejwe kwitaho abana azogenwa kugira afashe umuryango wawe.



2. Guhura ubwa mbere

- Muri iki gihe co guhura ubwa mbere n'umuhuzabikorwa hamwen n'uwundi mukozi wa CDSA, uzobazwa ku vyerekeye umwana wawe, ugukura kwiwe, hamwe n'amakuru ya kera y'ubuvuzi bwiwe.
- Izi nama za mbere zizodufasha kwiga impungenge zawe hamwe n'ivyihutirwa, inkomezi z'umwana wawe muri iki gihe, hamwe naho akeneye gutera imbere, hatibagiwe iterambere hamwe n'intambamyi mushobora guhura mu gihe c'ibikorwa vya buri musi.



3. Amasuzuma n'amagenzura

- Kugira berekane nimba umwana wawe yemerewe mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko, isuzuma ry'ubushobozi bw'umwana wawe muri iki gihe rirashobora gukorwa.
- Amakuru yegeranijwe biciye mw'igenzura azotwerekana inkomezi z'umwana wawe hamwe n'ibindi bice ivyo arivyo vyose ategerezwa kuronswamwo uturusho two kwitabwaho.

Intambwe
zikurikira:
Ibikorwa



4. Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango (IFSP)

- Umwana wawe kwemezwa ko yemerewe mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko, umuhuzabikorwa azoyobora itegurwa ry'integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP.
- Itegurwa ry'integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP itegerezwa kuba mu gihe c'imisi 45 akimara kurungikwa.



5. Itangwa ry'ibikorwa

- Umwana wawe azoronswa ibikorwa nk'uko vyavuzwe mu ntegoro y'ibikorwa bibereye umuryango ya IFSP.
- Ibikorwa vyavuzwe mu ntegoro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP bitegereza gutangura bitarenze mu misi 30 inyuma y'itegurwa rya IFSP hanyuma igaterwako igikumu n'umuryango.

Abavyeyi barashobora guhitamwo kubandanya kubushake bwabo, guhagarika kwemeza ukwemererwa, canke kuva mu mugambi igihe ico arico cose.



6. Imyihwezo ya IFSP

- Nk'uko ivya nkenerwa vy'umwana wawe hamwe n'umuryango wawe bihinduka, ubufasha hamwe n'ibikorwa bitegerezwa navyo guhinduka.
- Integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP izokwihwezwa n'imiburiburi buri mezi atandatu kugira hizerwe neza ko ikiberanye nivywo wewe n'umwana wawe mukeneye kurusha ibindi.
- Urashobora gusaba isubigwamwo canke kwihweza integuro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP igihe ico arico cose.




7. Gusohoka

- Abana basohoka mu mugambi ujejwe kwitaho impinja n'amicuko mu gihe batacemerewe mu mugambi canke igihe bujuje imyaka itatu y'amavuko.
- Integuro zo gusohoka mu mugambi ziravugwa mu ntegoro y'ibikorwa bibereye umuryango IFSP.



Intambwe zo
muri kazoza:
Kuva mu
Mugambi

Umugambi wa Carolina y'ubuseruko Ujejwe kwitaho impinja n'imiruko



NC DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES

Division of Child and Family Well-Being
NC Infant-Toddler Program (NC ITP)

Reta ya Carolina y'ubuseruko

Igisata ca North Carolina Department of Health and Human Services
Umugwi ujejwe ukubaho neza kw'umwana n'umuryango
Igice kijanye no kwitaho umwana

www.ncdhhs.gov

www.ncdhhs.gov/divisions/child-and-family-well-being

www.ncdhhs.gov/itp-beearly

Uruhusha rwo gusubiramwo ruratanzwe

Ndamukiza 2013 | Kigarama 2019 | Rusama 2022 | Gitugutu2023 | Mukakaro 2024

*Igisata kijejwe amagara y'abantu n'ibikorwa bikorerwa abanatu
ntikivangura gishingiye ku kabira, ibara ry'urukoba, igihugu umuntu
aturukamwo, igitsina, idini, imyaka afise canke ubumuga agendana mu
gutanga akazi canke mu gutanga ibikorwa.*